



Egzijans BRC pou Wòl Estajyè, Volontè, ak Moun Afilye pou Tout Kalite Pwogram

Nimewo Règleman an: BRC-26-01

Dat Li Pibliye: 4 Mas, 2026

Dat li An Vigè: 1ye Avril, 2026

Aplikabilite: Tout Pwogram ki gen Lisans e ki Resevwa Finansman

ENFÒMASYON DEBAZ

Anpil pwogram itilize sèvis estajyè, volontè, ak moun ki afilye yo pou bay swen ak/oswa sèvis pou timoun k ap patisipe nan pwogram ki gen lisans ak pwogram ki resevwa finansman nan men Depatman Edikasyon ak Swen/Gadri pou Timoun Piti (EEC). Egzijans verifikasyon antesedan sou dosye kriminel (BRC) EEC yo aplike pou estajyè, volontè, ak moun ki afilye, menm si egzijans espesifik BRC yo ka varye selon wòl, responsablite, ak tip pwogram kote y ap bay sèvis.

Règleman sa a dekri egzijans BRC pou estajyè, volontè, ak moun afilye k ap opere/travay nan pwogram ki gen lisans oswa ki resevwa finansman nan men EEC.

OTORITE

- 606 CMR 14.04: Definisyon
- 606 CMR 14.05: Kategori Kandida ak Verifikasyon Antesedan sou Dosye Kriminel
- 606 CMR 14.10: Diskalifikasyon

DEFINISYON

Nan objektif politik/règleman sa a, yo itilize definisyon sa yo:

- **Moun Afilye:** Se yon moun ki gen yon asosyasyon regilye ak yon pwogram EEC ki gen lisans oswa ki resevwa finansman, atravè anplwa, kontra, oswa yon akò enfòmèl ak pwogram nan oswa ak paran yo pou bay sèvis pou pwogram nan oswa yon timoun ki patisipe ladan l. Pafwa yo rele l yon moun "twazyèm pati". Egzanp moun ki afilye yo enkli founisè transpò, travayè tanporè, founisè sèvis espesyalize, ak klinik, terapis, ak vizitè lakay pou sistèm gadri famiyal la.
- **Estajye :** Nenpòt moun ki bay sèvis li yo nan yon pwogram EEC ki gen lisans oswa ki finanse pou jwenn eksperyans travay ak konesans nan yon domèn. Yo ka peye pou estaj yo oswa sa ka fèt sa peye, yo ka fè pati yon pwogram edikasyonèl fòmèl oswa yo ka enfòmèl. Estaj yo anjeneral dire pou yon peryòd tan limite.
- **Volontè:** Nenpòt moun ki ede nan yon kapasite/lokal ki pa peye epi ki pa sipèvize pou yon pwogram ki gen lisans oswa ki resevwa finansman nan men EEC.

DEKLARASYON SOU RÈGLEMEN/POLITIK LA

Tout estajye ak moun ki afilye ki bay sèvis nan pwogram EEC ki gen lisans oswa ki resevwa finansman, kèlkeswa posibilite ki ta ka genyen pou yo gen aksè san sipèvizyon ak timoun yo, dwe fè yon verifikasyon antesedan dou dosye kriminel yo pou EEC (BRC). Yo itilize kritè diferan pou detèmine si yon volontè dwe gen yon EEC BRC pou bay sèvis nan yon pwogram EEC ki gen lisans oswa resevwa finansman.

Estajye ak Moun Afilye

Estajye ak moun ki afilye yo dwe konplete yon BRC konplè atravè pwogram nan, kèlkeswa si moun sa yo ap travay anba sipèvizyon oswa san sipèvizyon. [Gade 606 CMR 14.05(3)(b) ak 14.05(4)(b)].

Estajye ak moun ki afilye ki konplete pwosesis EEC BRC nan nenpòt tip pwogram eksepte pwogram rezidansyèl ak pwogram plasman yo a sijè de diskalifikasyon obligatwa si BRC yo genyen nenpòt nan ofans/enfraksyon ki mansyone nan Tablo Ofans/enfraksyon ki Lakòz Diskalifikasyon – Diskalifikasyon Obligatwa EEC a [Gade 606 CMR 14.10(1)]

Volontè

Nan pwogram swen/gadri famiyal la, tout volontè yo oblije konplete pwosesis BRC EEC la [Gade 606 CMR 14.05(2)(b)].

Nan tout lòt tip pwogram yo, EEC egzije ke volontè yo ranpli yon EEC BRC si y ap ede yon pwogram san sipèvizyon [Gade 606 CMR 14.04] ak/oswa si yo enkli nan kalkil rapò

pèsonèl/timoun pou yon pwogram gwoup ak timoun ki nan laj pou ale lekòl [Gade 606 CMR 7.10 (3)(b)]

Volontè ki konplete pwosesis EEC BRC nan nenpòt tip pwogram eksepte pwogram rezidansyèl ak pwogram plasman yo a sijè de diskalifikasyon obligatwa si rezilta BRC yo a genyen nenpòt nan ofans/enfraksyon ki mansyone nan Tablo Ofans/enfraksyon ki Diskalifye – Diskalifikasyon Obligatwa EEC a [Gade 606 CMR 14.10(1)].

PA AJOU/ EKSPIRE

Règleman sa a ranplase ansyen règleman EEC a sou Estajyè ak Volontè pou tout Kalite Pwogram, ki te pibliye 10 Septanm, 2019 la.